



PWOGRAM FINANS DIYOSÈZ LA

DIOCESE OF BRIDGEPORT ▸ 2007

Zanmi mwen yo,

Prè de 2,000 ane, Legliz Katolik ap simaye Levanjil Jezikri-a bay pèp Bondye-a nan transmèt pawòl sa-a ki vivan bay tout moun, selebre sakreman yo e sèvi sila-a yo ki nan bezwen. Pandan tout ane sa yo lafwa nou ap gide nou e li pèmèt nou menmen anpil nanm rive jwen-n Bondye.



Nan premye ane ki sot pase yo nan nouvo milèn-a, de tanzantan nou fè yon kanpe pou nou gade tout sa ki afekte legliz la nan mond ke nap viv la. Pou nou fonksyone nan mond sa-a jodya, nou bezwen asire nou ke nou se yon moun ki kapab jere resous ki sou responsabilite nou yo, konfòme nou ak tout ajans legal e dirije tout mwayen teknoloji ki reponn a bezwen legliz la.

Pou nou akonpli bagay sa yo, mwen laji **Pwogram Finans** pou 87 pawas nou yo nan zòn Fairfield la. Yon pwogram nan fason sa-a se yon bagay ki popilè nan tout òganizasyon ak pwofi e pou sa ki san pwofi. Lè nou reprezante Legliz la nou oblije mete tout moun nan asirans ke nou konpòte nou nan yon fason ki san repwòch, nou fè tout bagay a klè, sa vle nan transparans e nou toujou pran responsabilite nou an chaj.

Mwen pa gen mo pou mwen ta remèsye kire pawas nou yo, tout pè nou yo, dyak nou yo, pou patisipasyon yo e pou tout direksyon ke yo bay pwogram nan pou devlope e ogmante finans pawas nou yo, e pou pèpetyèl pèsèverans nan ministè yo. Nou vle rekonèt kontribisyon tout layik angaje ki ap travay e ki ap bay sèvis nan pawas nou yo nan yon fason eksepsyonèl.

Pandan nap reyalize tout sa ki nou sot di la yo, nou pral santre nou sou misyon nou, pou nou kapab tou kanpe kòm legliz ki dyanm e kontinye simaye bòn nouvèl Jezi Kri-a.

Mwen salye nou nan non Kris la

+ William E. Lori

Most Reverend William E. Lori, S.T. D.
Bishop of Bridgeport

Avril 2007

IDE GENERAL

Ròl Pastè yo

Pastè-a se yon lidè espiyèl nan kominote pawas la. Daprè Dwa Kanon ki se lwa Legliz la, Pastè ya se yon moun ki responsab pou tout sa ki ap antre e tout say ki ap sòti nan administrasyon pawas, tankou voye je sou anplwaye pawas la yo, volontè yo, e moun ki ap kontrole zafè finans yo (Dwa Kanon 532)

Men-m jan avèk yon papa nan yon fanmiy, Pastè-a se lidè pawas la, tout moun ki gen responsabilite nan pawas la dwe ba-l rapò sou sa ki ap pase nan misyon pa yo. An men-m tan pastè yo rekonèt pèp Bondye-a jwe yon wòl enpòtan nan fason fidèl say o asiste yo nan administrasyon pawas la.

Pastè yo toujou ap chèche mwayen pou ankouraje pèp Bondye-a angaje yo pi plis nan lavi pawas la. Youn nan chimen kle pou moun pase pou ede, se atravè komite finans pawas la, kote manmb pawas yo kapab pataje lidè pwofesyonèl yo e experyans yo.

Ròl Konsèy Finans la

Dwa Kanon rekòmande pou chak pawas genyen yon komite finans, ki la pou avize pastè yo. Kòm yon bon angaje Pastè-a espere envite pawasyen ki kalifye pou asiste konsèy finans la e envite yo pataje experyans yo epi avi yo.

Rankont regilye pou finans pawas yo okipe yon gran pati nan pwoblèm sila-a yo:

- Ede Kire pawas la pwotege byen pawas la.
- Voye je sou preparasyon bidjè yo anvan yo apwouve.
- Kontwole finans pawas la e koleksyon yo e lòt aktivite fon pawas la.
- Devlope pwòje pou zafè finans pou reparasyon e renovasyon byen legliz la, e pou achte ekipman pou pawas la lè sa nesèsè.
- Voye je sou reyalizasyon lwa diyosèz la nan zafè finans.
- Devlope pwosede e kontwòl pou asire tout sa ki dwe fèt pou tax federal e lwa tax pou leta yo byen òganize pou kaye kontwòl.

Avèk Ed komite finans pawas yo, Kire pawas la prepare e pibliye rapò anyèl finans pou distribisyon komite pawas yo e pou manb kominote pawas yo.

6 ELEMEN KLE

Ròl Diyosèz la

Diyosèz Bridjpot founi sipò kontinyèl pou 87 pawas nan zòn Fairfield la e nan tout pwoblèm espiyèl e pou yon ti tan. Evèk William E. Lori jwe yon ròl lidè. Nan yon mwayen pou yon bon sipèvizè pou resous ki sou responsablite yon moun pou travay legliz la, Evèk Lori ap chèche konsèy e sipò kire ki gen anpil eksperyans pou fòme yon Kolèj konsiltè e yon konsèy finans diyosèzen, tankou layik ki genyen yon karyè pwofesyonèl nan bagay sa yo.

Pwogram Finans nan pawas yo te ogmante nan ane 2006 la. Ofisyè chéf finans la avèk gwoup sèvis la, te dirije yon pwogram ki te baze sou 6 eleman kle sa yo: amelyore kontwòl finans pawas yo e ankouraje transparans e responsablite. Eleman sa yo devlope a travè pastè nou yo e layik aganje nou yo nan konsèy finans diyosèz la, ki sèvi pou mete diyosèz la ak pawas yo nan yon konfòmite avèk kontab finans la ki ekspere nan de bagay sa yo, pwofi e san pwofi.

6 Eleman kle sa yo se:

- Rafine e mete a jou *Kontablite e Pwosedi Manyèl* e fè resiklay ki nesèsè.
- Devlope gid pou pawas la pou ogmante kontròl yo e revni yo.
- Konsewa yon nouvo rapò finansyèl pou ogmante konpreyansyon e direksyon nan tout nivo.
- Egzekite revizyon e tès pou kontròl finans pawas la e rankontre ak chak gwoup nan pawas yo yon fwa nan ane-a.
- Ede Pastè yo eskplòre sa pawas la kapab fè pou gen rapò finansyèl, epi fè resiklay avèk yo lè gen bezwen.
- Enkouraje pawasyen yo ki gen yon bagay ke yo pa fin alèz sou zafè finans pawas la pou pale dirèteman avèk kire-a. Diyosèz la pral kominike pwosesis pou pawasyen kapab kominike tout sa ke yo pa fin alèz ki pa rezoud bay sèvis finans Pawas la.

Responsabilite chak moun

Dènye eleman kle-a se youn-n nan bagay ki plis empòtan pou pè nou yo, Diak yo, relijyèz, moun ki a travay, moun ki travay kòm volontè e tout pawasyen yo. Nan kazye ki sou dwat la nap jwen-n pwosesis kòman pou ekspri sa ki konsène zafè finans pawas yo. Ou gen yon responsablite pou leve vwa-w pandan nap fè sa nan tout jistis jan sa-n endike-a.

JAN POU OU RAPOTE SA KI KONSENE-W

Tout pè, diak, relijyèz, layik, moun kap travay, moun ki travay kòm volontè e tout pawasyen nan diyosèz Bridjpot la ki gen yon bagay ki konsène yo sou zafè aktivite finansyè nan pawas ou dwe rapòte sa-a bay moun ki delege pou sa jan nou indike sa-a.

Tout sa ki konsène, ki ta revele kòm yon pwoblèm pral investige rapidman e san tolerans. Investigasyon sa yo ap rete konfidansyèl, e moun kap menmen envestigasyon-an dwe respekte espas prive tout moun ki angaje yo nan kòz sa-a. Pa gen anyen ki dwe rive yon moun ki rapòte yon aksyon lejitim nan zafè sa ki konsène-l

Men etap pou sekans yon rapò:

Etap 1: Pale avèk Kire-w

Si sa pa mache oubyen si-w pa gen yon rezilta nan sa ki konsène-w la, ou kapab pase nan etap 2.

Etap 2: Pale ak moun ki responsab finans nan pawas la,

non li pibliye nan bilten dimanch yo.
Si sa pa mache oubyen si sa pa gen rezilta nan sa ki konsène-w la, ou kapab pase nan etap 3.

Etap 3: Kontakte direktè finans pawas yo pou diyosèz Brijpot la ke non-l se:

Diak Bill Koniers

Ou ka telefònè-l nan

(203) 416-1500

oubyen voye yon email @

DeaconKoniers@diobpt.org

Souple: li toujou bon pou pase dirèteman Twazièm etap la si sikonstans mande sa-a.